

PRANATACARA **CEKAK PRASAJA**

Mugi sih wilasa, katentreman, kawilujengan, karahayon tansah kajawa kasarira dumateng kula lan panjenengan sedaya.

Salam

Nuwun panjenenganipun para tamu ingkang sinuba ing pakurmatan, keparenga ing ngriki kula nggempil kamardikan panjenengan sedaya, kanthi kumawantun nigaś wacana munggel pangandikan panjengan sedaya.

Inggih awit mundhi jejabahan agung saking ingkang amangku gati, nun inggih panjenenganipun Bapak Gatot Sujarno, S.Pd kaliyan garwa \ sutresna panjenenganipun Ibu Syifa Sujarno, ingkang lenggah ing Perum Tawarsari Wonosari Gunungkidul, kepareng ing ari kalenggahan menika kula sinaraya minangka panatacara kepareng nderekaken lampahing titilaksana adicara "Upacara Srah Tinampining" calon temanten kakung saha upakarti minangka jejangkeping palakrama.

Namung keparenga langkung rumiyin sumangga kula derekaken ngunjukaken puji syukur ing ngabiyantara dalem Gusti ingkang maha kawasā nun inggih Allah SWT, inggih awit sih wilasa dalem ingkang tansah rumentah dumateng kula lan panjenengan sedaya, kacihna ing wekdal punika kula lan panjenengan sedaya saget nyawiji kanthi kalis ing sambikala.

Para tamu kakung sumawana putri ingkang luhur ing budi

Panjenenganipun Bapak Gatot Sujarno, S.Pd sekaliyan garwa ing wekdal punika badhe malakramekaken putra putrinipun ingkang asesilih Nimas Ayu Purbasari ingkang badhe kadaupaken kaliyan putra kakungipun Bapak Buntoro Kurniawan dalah Ibu Ernawati ingkang pidalem ing Nitikan Umbulharjo Ngayogyakarta, nun inggih Bagus Irawan Kuncorojati.

Pramila rehning samudayanipun sampun samekta lan wekdal ingkang sampun dungkap, keparenga kula ngaturaken menggah rantamaning titilaksana adicara upacara srah tinampining calon temanten kakung miwah upakarti, mekateningkang.

1. Pambuka
2. Atur pambagyo harjo
3. Pasrah
4. Panampi
5. Luing tinampi upakarti
6. Panutup

Sagung para tamu ingkang winantu ing basuki

Mekaten menggah rantamaning titilaksana adicara upacara srah tinampining calon temanten kakung ingkang sampun rinantam rinumpoko dening para kulawarga .

Para tamu ingkang sinuba ing pakurmatan

Ing saklajengipun jumbuh kaliyan rantamaningadicara ingkang angka kapisan nun inggih pambuka, pramila sumangga kepareng amrih kaleksananing sedya purwa, madya lan wasana tansah pinanggih rancak nir ing sakåråkåra tililaksanaadicara kapurwakan kanthi dedonga anut kapidatosanipun piyambak-piyambak...pandonga kula derekaken sumangga ...nuwun...

Para tamu ingkang sutresna

Deneadicara ingkang angka 2 inggih punika atur pambagyaharja saking ingkang jumeneng gati nun inggih Bapak Gatot Sujarno, S.Pd sekalian, minangka sulih sarira saking panjenenganipun Bapak Gatot Sujarno, S.Pd sekalian badhe kasarira panjenenganipun Bapak Sigit Pramudyanto, S.Pd.MM. Dumateng ngarsanipun Bapak Sigit Pramudyanto, S.Pd.MM kula sumanggakaken... sumangga.

Ing saklajengipunadicara angka 3 pangandikan atur pasrah saking kadang calon besan nun inggih panjenenganipun Bapak Buntoro Kurniawan sekalian. Minangka duta saraya kasarira panjenenganipun Bapak Samta, S.Sos. Dumateng ngarsanipun Bapak Samta, S.Sos kula sumanggakaken... sumangga.

Titilaksanaadicara ingkang angka 4 nun inggih atur panampi saking Bapak Gatot Sujarno, S.Pd sekaliyan ingkang dipun sarirani panjenenganipun Bapa Sakiyo, SS Dumateng ngarsanipun Bapak Sakiyo, SS, sasana kasumanggakaken...sumangga.

Ing saklajengipunadicara ingkang angka 5 panjenenganipun Bapak Buntoro Kurniawan badhe ngaturaken tandha tresña (secara simbolis) dumateng ngarsanipun Bapak Gatot Sujarno, S.Pd sekaliyan.

Para tamu ingkang luhur ing budi

Wedharing gantha, babaring sedya srahanampining calon temanten kakung miyah upakarti kinarya jangkeping palakrama sampun kaleksanan kanthi rancag tan manggih ing pembangan, ing saklajengipun tumapakingadicara ingkang angka 6 nun inggih panutup.

Ananging sakderengipunadicara kapungkasi, ing ngriki kula awit asmanipun ingkang amangku gati Bapak Gatot Sujarno, S.Pd sekalian garwa angambali atur ngaturaken agunging panuwun dumateng ngarsanipun para tamu ingkang sampun kepareng rawuh paring berkah pangestu satemahadicara lumampah kanthi gangsar boten kesupen ing mbok bilih anggenipun nampi lan ananggapi rawuh panjenengan sedaya kirang mranani ing penggalih, Bapak Gatot Sujarno, S.Pd sekaliyan garwa sumrambah para gotrah namung saget cumadhang lumunturing sih ing pangaksoma. Wondene kula minangka panatacara mbok bilih anggen kula mratisaken urut reronceningadicara saking purwa, madya dumugi wasana kirang anujuprana agunging pangaksoma ingkang kaantu, sumanggaadicara kapungkasi kanthi dedonga anut kapitdosan piyambak-piyambak....sugeng kondur rahayu ingkang pinanggih.

Salam

PAMBAGYAHARJO

CEKAK PRASAJA

Salam....

Nuwun para tamu kakung sumawana putri ingkang satuhu luhur ing budi Mradapa awit keparengipun ingkang amangku gati nun inggih panjenenganipun Bp. Gatot Sujarno, S.Pd. dalam garwa sutresno kula kinéna matur wonten ngarsanipun para lengkah sedaya.

Minangka purwakaning atur sumangga sesarengan ngaturaken raos syukur wonten ngarsa dalem gusti kang maha wikan ingkang sampun kepareng hambabar daya pangaribawa ingkang tumanduk dumateng para kawula dasih, kacihna ing wekdal punika kula lan panjenengan sedaya saged manunggal ing papan menika kanthi kalis ing rubedha.

Para tamu ingkang winantu ing pakurmatan

Ing salajengipun awit asmanipun ingkang amangku gati senadyan sawetawis randhat keparenga ngaturaken pambahya kasugengan sugeng rawuh, sinartan agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dene panjenenganipun sampun kasdu angestreni menapa ingkang dados panyuwunanipun Bp. Gatot Sujarno, S.Pd. sekalian garwa boten katalompen panjenenganipun Bp. Gatot Sujarno, S.Pd. sekalian garwa anggenipun nampi rawuh panjenengan sedaya wonten duna dungkap lan kirang mranani penggalih, sedaya wau awit kagerbo saking kawontenan, pramila keparenga para tamu paring agunging samodera pangaksoma.

Lan ing samangke mbok bilih sampun wonten pratanda saking para panawung krida kula nyuwun idhi palilah para juru ladhi keparenga badhe sowan ing ngarsa panjenengan sedaya caos pisusung pasugatan daharan lan unjukan, lan sak sampunipun kacawisaken kanthi rampit kula boten badhe angambali atur, keparengo para tamu angresepí kanthi mardhu mardhikaning penggalih.

Para tamu ingkang sinuba ing pakurmatan

Mekaten atur pangandikan saking Bp. Gatot Sujarno, S.Pd sekalian garwa lumantar kula.

Wonten klena klenutunipun atur kula nyuwun agunging pangaksoma. Nuwun matur nuwun.

Salam....

PASRAH CALON TEMANTEN KAKUNG

CEKAK PRASAJA

Salam

Dhumateng ngarsanipun para tamu ingkang winengku ing rahayu
Keparenga kula cumanthaka ngadeg wonten ing papan menika kumawantun
nggempil kamardikan para lengkah sedaya ingkang nembe imbal pangandikan.
Nun inggih awit nuhoni dhawuh saking panjenenganipun Bp. Buntoro Kurniawan
dalah garwo sutresna nun inggih Ibu Ernaningsih ingkang lengkah ing Nitikan
Umbulharjo Ngayogyakarta, kepareng angaturaken menggah wosing gati lekasing
sedaya anggenipun sowan wonten ngarsanipun Bp. Gatot Sujarno, S.Pd. sekalian
garwa.

Namung sakderengipun keparenga kula ngunjukaken puji syukur wonten ngarsaning
Gusti ingkang Maha Agung ingkang sampun paring kanugrahan ingkang tanpa
winates satemah sowan kula sak gotrah wonten ngarsanipun Bp. Gatot Sujarno,
S.Pd sak kulawarga tan manggih bayaning margo tinebih ing rubedha temah saged
pepanggihan ing wekdal punika kanthi kali sing sambikala.

Sagung para tamu ingkang bagya mulya

Dene wigatosing gati saking panjenenganipun Bp. Buntoro Kurniawan sekalian
garwo ingkang

1. Ngaturaken salam taklim katur panjenenganipun Bp. Gatot Sujarno sekalian, lan
ugi sungkem pangabekti konjuk ngarsanipun para sesepuh ing Tawarsari
Wonosari Gunungkidul, mugi katentreman lan karahayon tansah sinanding para
kulawarga ing ngriki.
2. Sowan kula sak gotrah nuhoni pirembegan ing kawuri bilih panjenganipun Bp.
Buntoro, badhe mangun bebesanan kaliyan panjenenganipun Bp. Gatot Sujarno,
gumolonging rembak sampun manunggal wonten ing dinten ingkang sampun
kapiji. Pramila kula sowan sak gotrah hanganthi calon temanten kakung nun
inggih Bagus Irawan Kuncorojati tumuli kula aturaken lan pasrahaken dhumateng
Bp. Gatot Sujarno, S.Pd. Lan sak sampunipun katampi mugiya ing wahyaning
mangsa kala tumuli kaijabno kaliyan putra putrinipun Bp. Gatot Sujarno, S.Pd.
ingkang asesilih Nimas Ayu Purbasari hanut syariating agami Islam lan adat
ingkang lumampah.

3. Sowanipun Bp. Buntoro sak gotrah ugi kinanten upokarti minangka jangkeping palakrama ugi majemukan ingkang peranganipun boten saget kula pihi setunggal mboko setunggal.

Boten katalomen Bp. Buntoro sekalian ugi angasta redhana ingkang gunggungipun boten dipunsebataken, mugi sedaya katampiyo kanthi suka renaning penggalih, sedaya wau inggil minangka tangsuling karesnan anggenipun badhe bebesanan.

Saklajengipun menggah badhe kaleksananing sedya, kula lan panggrubyuking calon temanten kakung tansah jumurung ing karsa mugi gusti ingkang maha agung ngijabahi sedya tama punika. Amin.

Minangka panutuping atur, kula titah sawantah tertamtu kathah kalepatan tuwin kekiranganipun anggen kula matur, awit saking punika kiranging subasita miwah tumpang suhing basa, kula nyuwun agunging pangaksoma.

Salam

P A N A M P I
CEKAK PRASAJA

Salam

Nuwun panjenenganipun para tamu ingkang winantu ing pakurmatan
Keparenga ing ngriki kula minangka sulih sarira saking penjenenganipun Bapak
Gatot Sujarno, S.Pd sekalian garwa kepareng hananggapi menapa ingkang dados
wosing gati lekasing sedya ingkang sampun kaaturaken panjenenganipun Bapak
Buntoro Kurniawan lumantar panjenenganipun Bapak Samta, S.Sos kinarya duta
saraya.

Purwakaning atur, kula ngaturaken sugeng rawuh saha nderek memuji rahayu mríng
Gusti ingkang maha mirah dene panjenengan sedaya sampun kepareng
kesambadan rawuh wonten ing Tawarsari Wonosari Gunungkidul kanthi kalis ing
rubedha.

Dene salam taklim ingkang kaaturaken dumateng Bapak Gatot Sujarno, S.Pd miwah
sungkem pangabekti wonten ngarsanipun para sesepuh ing ngriki katampi kanthi
suka renaming manah dumawaho sami-sami.

Wondene pasraeing calon temanten kakung, panjenenganipun Bapak Gatot Sujarno,
S.Pd sekalian garwa boten badhe anyelaki, katampi kanthi lila legawaning manah,
tumuli badhe kaijabaken anut syariating agami Islam lan nuhoni adat ingkang
lumampah ing ngriki.

Saklajengipun pasraeing upokarti kinarya jangkeping palakrama lan sawetawis
majemukan ugi katampi kanthi suka bingahing manah, wondene redhana ingkang
kaaturaken kinarya tāngsulaning karesnan saking panjenenganipun Bapak Buntoro
Kurniawan ugi katampi, Bapak Gatot Sujarno, S.Pd sekalian namung saget
ngaturaken agenging panuwun, mugi sedaya kalawau ndadosaken rumaketing
anggenipun bebesahan.

Among semanten atur panampi saking panjenenganipun Bapak Gatot Sujarno, S.Pd
sekalian garwa lumantar kula, wonten kirang lan kuciwaning anggenipun hanampi,
panjenenganipun Bapak Gatot Sujarno, S.Pd sekalian nyuwun agunging
pangaksoma.

Wondene kula minangka talanging atur Bapak Gatot Sujarno, S.Pd sekalian wonten
kiranging basa, sastra miwah tata karma, kula nywun lumunturing sih ing
pangaksamai...nuwun...

Salam